НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН
ДЕШАРАН А, ІИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО

# ОМРА

«04» 04 2019 шо №520-п

Соьлжа-ГІала

Регинальни этнографически
диктант дІаяхьарах лаьцна

Нохчийн матте болу безам а, цуьнан вайн дахарехь лелар а совдаккхан, Нохчийн Республикин бахархойн ненан маттах долу хаарш алсамдахан йолчу Іалашонца

ОМРА ДО:

1. 2019 шеран оханан беттан 9 дийнахь «Ненан мотт – иза халкъан юьхь ю, халкъан орам бу» цІе йолу регинальни этнографически диктант (кхин дІа – Диктант) дІаяхьан.
2. Диктант вовшахтохан а, дІаяхьан а Белхан тоба тІечІагІъян (юхxедилларе хьаьжжина).
3. Къоман дешаран политикин а, регионашца йолчу уьйрийн отделана Диктант яздарехь методически Іуналла дар тІедилла.
4. Диктант язъен меттигаш Нохчийн Республикин массо а дешаран организациш лара.
5. Муниципальни органийн дешаран урхаллийн куьйгалхошна, Белхан тобанан лехамашца нис а еш, Диктант вовшахтохар а, дІаяхьар а тІедилла.
6. Муниципальни органийн дешаран урхаллийн куьйгалхошка:
а) хІара омра Нохчийн Республикин дешаран организацийн куьйгалхошка дІакхачор;
б) дешархоша а, хьехархоша а, дай-наноша а Диктантехь дакъалацан агІо яр.
7. Омра кхочушдарна тІехь тергояран жоьпалла верг - министран заместитель Усманов А.Р.

КОПИЯ ВЕРНА №1

Министр И.Б. Байханов

«04» 04 2019